

62-1231 Konba A

56 Pen kachè sa a, se yon Kretyen ki prepare l. Se pen san leven. E si n ap remak la, lè nou mete l nan bouch nou, li trè di, li anmè. Li pa lis epi li kase, sakaje, sa vle di kò kraze, maspinen Seyè Jezi nou an. O, lè m menm panse a sa, sanble kè m sote yon batman! Lè m panse ke yo te maltrete L epi malmennen epi frape L, Pitit inosan Bondye an! Èske nou konnen poukisa Li te fè sa? Paske mwen te koupab. Epi Li vin mwen menm, yon pechè, konsa mwen menm ak Sakrifis Li m te ka vin sanble avè L, yon pitit Bondye. Ala yon Sakrifis!

Annou koube tèt nou.

57 Bondye ki pi Sen an, pandan m kenbe nan ti plato an metal sa a aswè, pen sa a ki reprezante kò Seyè nou an ki brize, maltrete, blese, frape, kote pwofèt sa a te rele: "Li te blese pou move zak nou yo, maspinen pou peche nou, chatiman lapè nou te sou Li, e ak maleng Li yo nou te geri." O, ala nou sonje sa, Seyè! Pandan m lye tèt mwen ak Sakrifis sa a aswè a, epi oditwa sa a menm jan an, Seyè, ak Sakrifis lan, se pou nou sonje Seyè nou an, lanmò Li ak kout fwèt Li te pran yo, epi tout sa Li te pase pou nou, pandan n ap pran pen sa a nan bouch nou. Bondye, nou se yon pèp ki pa diy. Nou pa konvnab pou on bagay sen konsa, kidonk kite sentete W, Seyè, Prezans Ou ak San Ou, netwaye kè nou. Epi pandan n ap resevwa li, se pou nou fikse nan desizyon nan lespri nou pou sèvi W san rete lajounen kou lannwit, tout jou nan vi nou. Kounye a sanktifye pen sa a pou entansyon n ap sèvi avè l la. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

58 E mwen kenbe sa nan men m, alòske trant-...apeprè tranntwa zan m ap sèvi Seyè m lan, mwen wont tèt mwen. Men m panse, kisa m t ap fè si m te gen de vrè gout San L nan men m aswè a? Kisa m t ap fè avè l? Men, nou konnen, m gen nan men m aswè a, nan je pa L, sa ki pi gran, se sa San L te rachte, Legliz Li. Kidonk lè m pran sa, ji rezen sa, se a sa m ap panse. Li te di: "M pap bwè fwi viy sa a ankò jouk mwen va avèk nou yon lòt fwa ankò nan Wayòm Papa M nan." Alò remake ke apre gè peche an fini, premye bagay n ap fè lè nou rive lòt bò a se pran kominyon, soupe Seyè a.

59 Annou koube tèt nou kounye a pandan n ap beni diven sa a. Papa nou ki nan Syèl la, lè m ap panse, pandan m pran diven sa a isi a ki reprezante San Jezi a, kijan atravè San ki koule sa a peche m yo te pati ale. Yo te mete yo nan Lanmè Bliye a, pou yo pa t sonje yo ankò. E ak San sa a, yon ti gason ki te mouri yon jou te lonje laba a nan yon lopital, Ou te sove m. O Bondye, ala mwen remèsyé W, Seyè. Ban m enèji, ak Sentespri an, pou kondwi pèp lan nan Kalvè epi montre yo chimen pou al Lakay. Mèsi, Papa. E kounye a sanktifye diven sa a pou entansyon n ap sèvi avè l la. E se pou chak moun k ap patisipe nan sakreman sa a, aswè a, resevwa fòs espirityèl e fizik pou vwayaj k ap vini an. Paske mwen mande l nan Non Jezi. Amèn.

[Y ap sèvi kominyon bay asanble an. Espas vid sou kasèt la—Editè a.]

62-1104E Konsekrasyon

88 Nan lekti pou Ekriti, nou jwenn nan Liv Sen Jan, chapit 13, nou li, ap kòmanse ak vèsè 2 chapit 13 la:

...Jezi t'ap manje ak disip li yo jou swa sa a. Satan te gen tan pran tèt Jida, pitit gason Simon Iskariòt la, pou l' te trayi Jezi.

³ *Jezi te konnen pou tèt pa l' li te soti nan Bondye, epi li t'ap tounen jwenn Bondye ankò. Li te konnen Papa a te ba li pouvwa sou tout bagay.*

⁴ *Li leve sot devan tab la, li wete gwo rad li a, li pran yon sèvyèt, li mare l' nan ren li.*

⁵ *Apre sa, li vide dlo nan yon kivèt. Epi li kòmanse lave pye disip li yo. Li t'ap siye yo ak sèvyèt li te mare nan ren l' lan.*

⁶ *Se konsa, li rive sou Simon Pyè ki di l' konsa: Mèt, ou menm ki pral lave pye mwen?*

⁷ *Jezi reponn li: Koulye a ou pa konprann sa m'ap fè a. Men, wa konprann pita.*

⁸ *Pye di li: Non, mwen p'ap janm kite ou lave pye mwen. Jezi reponn li: Si m' pa lave pye ou, ou p'ap disip mwen ankò.*

⁹ *Simon Pyè di li: Si se konsa, Mèt, se pa pye m' ase pou ou lave. Lave men m' yo tou ansanm ak tèt mwen.*

¹⁰ *Jezi di li: Lè yon moun fin benyen, tout kò l' pwòp. Se pye l' ase ki bezwen lave. Nou menm, nou tou pwòp, men se pa nou tout ki pwòp.*

¹¹ *(Jezi te konnen ki moun ki tapral trayi li. Se poutèt sa li te di: Se pa nou tout ki pwòp.)*

12 Lè l' fin lave pye yo tout, Jezi mete gwo rad la sou li ankò, li tounen nan plas li bò tab la, epi li di yo: Eske nou konprann sa m' sot fè la a?

13 Nou rele m' Mèt, nou rele m' Seyè. Nou gen rezon, se sa m' ye vre.

14 Si mwen menm ki Seyè, mwen menm ki Mèt, mwen lave pye nou, konsa tou, nou menm, se pou nou yonn lave pye lòt.

15 Mwen ban nou yon egzanp pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an.

16 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon domestik pa janm pi grannèg pase mèt li. Moun yo voye a pa janm pi grannèg pase moun ki voye l' la.

17 Koulye a nou konn bagay sa yo. benediksyon pou nou si nou fè menm jan an tou.

89 Mwen kwè ke se youn nan pi bèl vèsè. "Mwen bannou yon egzanp, ke nou dwe fè menm jan M te fè pou nou." Nou dwe fè youn pou lòt, an komemorasyon, bagay sa a. Se te yon pratik nan legliz, pou gwooup moun sa yo ki konn rankontre, depi lè nou te kòmanse. E anvan tabènak sa te menm bati, lè nou te ankò nan reyinyon priyè nan kay, nou te pratique lavman dè pye. Sè nou yo te konn al nan pyès dèyè a. Frè nou yo te konn al nan pyès adwat la. E nou obsève lavman dè pye. Moun ki etranje, si w avèk nou, aswè a, nou sèlman kontan genyen w pou ap fratènize nan rekòmandasyon Bondye sa yo.

90 Mwen ka eksplike, jan m te di l la sa fè kèk moman, bagay ke Bondye kite pou n fè yo. Batèm nan dlo, se yon atik; kominyon. E, sonje, sa fè sèlman de. Bondye pafè an twa. Lavman dè pye se twazyèm lan. Ou wè? E nou sonje ke, dè zane pi ta, menm nan Bib la.

91 Gen kèk moun k ap eseye di ke se pa nesesè. Sètènman, m pa vle di ke pye moun yo bezwen lave. Se pa sa. Petèt ke pa yo pa netwaye non plis. Men se te yon ak imilite. Se yon—se yon ak pou—pou pratike, ki jis osi esansyèl ke batèm nan dlo. Paske Li te di la ke, “Mwen te bannou yon egzanz, ke nou dwe fè youn pou lòt menm jan m te fè pou nou.”

92 E nou jwenn ke yon vèv patka vini pamí moun yo sof si manzè te akeyi etranje e l te lave pye sen yo, pou rann tèt nou enb.

93 Kanta sa, si gen yon bagay ke nou vle ye, se vin enb, paske se sekrè pou w gen pwisans, se atravè imilite. E ou toujou kontan, lè w fin akonpli bagay sa yo, pou fè yo, se yon lòd beni pou fratènize ke nou obsève isit la nan legliz la.